



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB POU
UTILIZASYON MIKS 40 INITE NAN KONTE FRANKLIN**

***Harison Place ranplase bilding ensandi andomaje nan Vilaj Malone ki gen 40
apatman abòdab, sipò ak espas komèsyal***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmán Harison Place, yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki gen 40 apatman ak espas komèsyal ki ranplase yon ranje bilding ki kraze nan kè anba lavil Malone nan Konte Franklin.

"Avèk chak nouvo investisman Eta a fè nan lojman, n ap asire kominote yo estab ak abòdab pou fanmi New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke yon Kominote an Favè Lojman ki sètifye, vilaj Malone te siyale angajman li pou ogmante rezèv lojman, e Harison Place se yon bèl egzanp sou fason nou ka mete tèt ansanm ak patnè lokal nou yo pou kreye kay modèn, dirab ak abòdab Nouyòkè yo bezwen."

Nan senk ane ki sot pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa konsève plis pase 2,000 kay abòdab nan North Country. Harison Place kontinye efò sa a epi li fè pati Plan Lojman 25 milya dola Gouvènè Hochul ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Harison Place te devlope pa Citizen Advocates ak 3d Development Group, LLC, e li te egzije demolisyon yon estrikti ki te domaje nan dife ak bilding adjasan ki pa itilize yo, ki te nouvo konstriksyon yon bilding apatman kat etaj ki vin apre l ki fèt pou konplete achitekti istorik ki antoure vilaj la. Espas komèsyal nan nivo lari a divize an senk inite òganizasyon lokal ki san bi likratif ak òganizasyon gouvènmantral yo itilize.

Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi k ap touche jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn nan. Ven apatman gen sèvis sante mantal ak fòmasyon travay atravè Citizen Advocates, ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) epi ki administre pa Biwo Sante Mantal Eta New York (Office of Mental Health, OMH).

Bilding lan te fèt pou konfòme yo ak kritè pwogram Nouvo Konstriksyon Lojman Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Karakteristik dirab yo enkli aparèy ENERGY STAR ak de estasyon rechaj machin elektrik. Rezidan yo gen aksè a entènèt gratis, espas vèt, yon lakou lwazi, enstalasyon lesiv, ak yon sal kominotè.

Finansman Eta a gen ladan 7.8 milyon dola nan Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki gen Revni ki ba yo ak 3.8 milyon dola nan sibvansyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York. Empire State Development te bay 445,000 dola Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a rekòmande, epi NYSERDA te bay 40,000 dola pou sipò. Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) a te bay 4.8 milyon dola nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP).

Biwo Sante Mantal ap bay 500,000 dola chak ane nan fon fonksyonman ESSHI, ansanm ak 108,576 dola nan finansman Sibvansyon Devlopman Pwogram pou kouvri depans demaraj pou 12 inite yo pou moun k ap viv ak maladi mantal.

Citizen Advocates te bay 4 milyon dola pou finanse pwojè a epi Federal Home Loan Bank te bay 600,000 dola.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Lè w ranplase estrikti delabre yo avèk 40 apatman bon jan kalite ki abòdab ak bay sipò, Harison Place pral gen yon enpak transfòmateur sou anba lavil Malone. Sa a se kalite devlopman HCR angaje l pou l investi ladan paske pwojè abòdab, ki bay sipò, ki efikas nan enèji tankou sa a pral benefisye rezidan yo, kominote a, ak tout Eta a pou plizyè deseni k ap vini yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Citizen Advocates ak 3d Development paske yo bay kay ak sekirite North Country bezwen."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwojè sa a, ki te konstwi ak yon objektif sou dirabilite, te transfòme bilding delabre nan kominote a pou tounen pwopriete modèn avèk itilizasyon melanje ki pral ofri opòtinite lojman sipò ak sèvis pou moun ki gen bezwen yo. Empire State Development fyè dèske li te jwe yon wòl nan devlopman li."

Komisè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Enfimite, Barbara C. Guinn te deklare, "Ouvèti Harison Place nan anba lavil Malone kreye yon lojman ki an sekirite ak abòdab ki nesèsè anpil pou rezidan Konte Franklin ki fè eksperyans sanzabri, pandan l ap ba yo aksè dirèk nan sèvis sipò esansyèl yo bezwen pou reyalize epi kenbe lavi ki estab nan kominote yo. Nou rekonesan pou gwo sipò Gouvènè Hochul nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri OTDA a ak angajman fèm pou elaji rezèv lojman pèmanan ki bay sipò pou Nouyòkè vilnerab yo."

Komisè Biwo Sante Mantal Eta New York la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Gras a angajman Gouvènè Hochul pran pou lojman sipò, plizyè milye moun ak fanmi atravè eta nou an kapab viv poukont yo pandan y ap kontinye rekiperasyon yo nan maladi

mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans. Apatman lojman sipò yo nan Harison Place bay kay ki an sekirite ak ki estab avèk sèvis rezidan yo bezwen pou viv avèk siksè nan pwòp kominote yo, epi bilding ki fèk konstwi a se yon bèl adisyon pou anba lavil Malone."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Aprè anpil atant, Harison Place nan Malone ouvri! Twòp rezidan North Country ap lite pou jwenn bon jan lojman e nouvo devlopman lojman sa a pral ede rezoud kriz lojman lokal la. Mwen vle remèsye Citizen Advocates paske yo te pran latèt nan pwojè enpòtan sa a, epi paske yo te ede revitalize kominote Malone lan. Sa a se yon bèl egzanp sou fason kominote lokal la ak eta a ka kolabore sou lojman ak reyamenajman anba lavil la, epi mwen espere sipòte plis pwojè tankou Harison Place nan North Country."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Elaji opsyon lojman abòdab nan rejyon nou an se yon pwoblèm grav. Harison Place pral bay yon gwo koutpous nan efò sa yo, epitou li pral ofri opòtinite devlopman ekonomik. Mwen kontan li ouvri ofisyèlman kounye a e mwen espere li amelyore kalite lavi nan Malone."

Prezidan Lejislati Konte Franklin, Edward Lockwood, te deklare, "Li enteresan pou nou wè transfòmasyon pozitif Main Street nan Vilaj Malone. Pwojè tankou sa yo non sèlman amelyore peyizaj fizik la, men tou kontribye nan byennèt jeneral rezidan yo. Kolaborasyon ant plizyè pati ki gen enterè, tankou Citizen Advocates, antite eta yo, ak patnè prive yo, ki mete tèt yo ansanm pou fè chanjman pozitif sa yo posib se yon bagay nou apresye anpil. Efò revitalizasyon sa a non sèlman amelyore estetik zòn nan, men tou bay opsyon lojman ki nesèsè anpil, ki gen anpil valè pou kwasans ak pwosperite kominote a."

Majistra Malone, Andrea Dumas, te deklare, "Antanke Majistra Malone, se yon plezi pou m selebre gran ouvèti pwojè priyorite REDC Lojman pou itilizasyon melanje ki gen sipò entegre ak 40 inite a. Efò reyamenajman transfòmasyon sa a, te posib grasa kolaborasyon plizyè ajans eta ak lokal yo, se yon temwayaj angajman kominote nou an pou kreye chanjman pozitif epi adrese bezwen lojman enpòtan yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Avèk achèvmant Harison Place, rezidan Konte Franklin yo pral kounye a gen plis aksè a lojman abòdab ak modèn ki pa sèlman konfòtab men tou ki enkòpore chodyè kondansasyon trè efikas, vantilasyon pou rekiperasyon enèji ak aparèy ENERGY STAR nan chak inite. NYSERDA angaje l pou redui emisyon danjere pandan l ap asire tout Nouyòk yo benefisye tranzisyon enèji pwòp pandan n ap avanse objektif Gouvènè Hochul pou reyalize plizyè milyon kay ki bon pou klima jiska 2030."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Citizen Advocates, James Button, te deklare, "Mwen vle eksprime remèsiman sensè mwen tou bay Gouvènè nou an ak Eta New York pou pozisyon an favè lojman yo. Envestisman patnè nou yo nan Eta a nan vizyon sa a te rann pwojè nou an posib epi pral benefisye kominote nou an pou jenerasyon k ap vini yo. Harison Place se pa sèlman yon devlopman lojman; li se yon senbòl espwa,

opòtinite, ak potansyèl san limit yon kominote ki ini. Pandan n ap antre nan nouvo chapit sa a, ann fè efò pou yon avni kote chak kominote gen yon anba lavi vil k ap pwospere, epi chak manm kominote nou an gen yon kote pou yo rele lakay yo."

Prezidan 3d Development Group, LLC, Bruce Levine, te deklare, "Harison Place se te yon kolaborasyon 7 ane nan yon ekip devwe ak fokus sou misyon. Citizen Advocates, anba lidèchip prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral James Button, te vle ale pi lwen pase apèn lojman epi bay yon anviwònman kote moun ka pwospere. Bilding Harison Place se yon rapèl sou siyifikasyon istorik Malone nan North Country. Sa te posib grasa angajman Gouvènè Hochul te pran pou lojman pou tout Nouyòkè yo ak resous ki te disponib pou Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape ak Empire State Development. Ekip 3d Development Group, Celia Construction, ak achitèk Mark A. Caruso, fyè dèske yo te patisipe nan patenarya piblik-prive sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)